**CHIMBOY TUMANI XALQ TA'LIMI BÓLIMI**

Chimboytumani. Mamutov kóchasi №10 uy,
tel (8361) 444-00-63, 444-01-42, faks` (8-361) 444-22-95
e-pochta: chimboy_txtb@xtv.uz, exat:
chimboy_txtb@exat.uz

**SHIMBAY RAYONI XALIQ BILIMLENDIRIW BÓLIMI**

Shımbay rayoni. Mamutov kóshesi №10 jay,
tel (8361) 444-00-63, 444-01-42, faks` (8-361) 444-22-95
e-pochta: chimboy_txtb@xtv.uz, exat:
chimboy_txtb@exat.uz

2021-у. «2» декабрь №02/04-1059 «___» **декабрь** 2021ж.

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине**

**Көширмеси: Шымбай районы "Көкши қала" МПЖ аймагында Турымбетов 170 жайда жасаўшы пуқара Мамбетниязов Рахат Ниетбаевичке**

Шымбай районы Халық билимлендириў бөлими Сизге, Өзбекстан Республикаси Президентиниң Виртуал Халық қабыллаўханасы арқалы Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине келип түскен (ҚР ХБМ 23.11.2021.346-саны менен кирис етилген) Шымбай районы Турымбетов көшеси 170-жай турғыны Мамбетниязов Рахат Ниетбаевичтиң "Шымбай районы 42-санлы улыўма орта билим бериў мектеп директоры ҳәм инглис тили пәни оқытыўшысының ис-ҳәрекетлеринен наразылығы ҳаққында"ғы мүрәжатын Өзбекстан Республикасының 2017-жыл 11-сентябрь күнги ЎРҚ-445-санлы "Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары ҳаққында"ғы Нызамы 25-статьясына муўапық ўәкиллигимиз шеңберинде тийисли қанигелер менен үйренип шығылды. Атап айтқанда тийисли тәртипте түсиник жумыслары алып барылды ҳәм де жуўмағында мүрәжәәт қанаатландырылғанлығын билдиремиз.

**Районлық ХББ баслығы:** **Э.Мамбеткаримова**

**Таярлаған**

**П. Курбаниязова**

Шамбай районы
Қалық билимлендир-
рыў басшысы
Э. Мамбеткаримоваға

мен Мамбетнязов. Р.
ул. Турамбетов №6

Түсиник хат.

Усы түсиник хат арқалы
мен Мамбетнязов Р. сизге
мәлим етип билдиремен
мениң мурағатым бойынша
қалық билимлендириў бөлими
тәрепинен үйренилип шығылды
берилген жуўаптан қанаатландым.

30-ноябр
2021-жыл
[signature]

3-sh.

"O`zbekiston pochtasi" aksiyadorlik jamiyati

157 -son KVITANSIYA
(kvitansiya yoki shtrixli pochta identifikatori raqami)
buyurtma ЗП qabul qilishda
(jo`natma turi) (alohida belgisi)
yerga Шомбой
nga Момбетниязов Рахат
irlik 0,04 g.
atish uchun to`lov 3800 so`m ___ tiyin
Qabul qildi ___
(imzo)

ҚАРАҚАЛПАКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ШЫМБАЙ РАЙОНЛЫҚ
ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ
БӨЛИМИ
Шымбай қаласы, Мамутов көшеси №10 жай,
Тел: 444-00-63, 444-05-35,
Факс: 444-01-42,

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ
ЧИМБОЙ ТУМАНИ
ХАЛҚ ТАЪЛИМИ
БЎЛИМИ
Чимбой тумани, Мамутов кучаси №10 уй,
Тел: 444-00-63, 444-05-35,
Факс: 444-01-42,

№ 03-03 1077 6 - декабрь 2021-жыл

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў
министрилигине

**Шымбай районы "Көкши қала" МПЖ аймағында Турымбетов 170 жайда жасаўшы пуқара Мамбетниязов Рахат Ниетбаевич Шымбай районы 42-санлы улыўма орта билим бериў мектеп директоры ҳәм инглис тили пәни оқытыўшысының ис-ҳәрекетлеринен наразылығы ҳаққында**

**МАҒЛЫЎМАТ**

Шымбай районлық Халық билимлендириў бөлиминде 29-ноябрь күни 42-санлы мектептиң 10-класс оқыўшысы Ниетбаева Сарбиназдың ата-анасының арзасы бойынша Халық билимлендириў бөлими баслығы Э.Мамбеткаримова, Балаларады социаллық-психологик қоллап-куўатлаў орайы психолог методисти А.Рахметуллаев, 42-санлы улыўма орта билим бериў мектеп директоры А.Ералиев, 10-класс басшысы Э.Ибрагимова, шет-тили пән муғаллими Г.Рзагалиева, оқыўшыниң ата-анасы Р.Мамбетниязов, Т.Ешанова С.Ниетбаевалар қатнасты.

Халық билимлендириў бөлими баслығы Э.Мамбеткаримова оқыўшының ата-анасынан болған ўақыяны ҳәм сол жердеги қатнасыўшылардың пикирлери тыңлады. Шет тили пәни муғаллими ҳәм оқыўшы ортасында болған келиспеўшиликти, қәте кемшилик бойынша түсиндириў жумыслары алып барылып, сол жерде сапластырылды. Оқытыўшы менен оқыўшы жарастырылды. Оқыўшының ата-анасы тәрепинен берилген арзасы қанаатландырылды ҳәмде ата-анасы разылығын билдирип даў-жыры жоқ екенилигин билдирди.

Ҳәризги күнде 10-класс оқыўшысы Ниетбаева Сарбиназ 49-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде оқыўын даўам етпекте.

**Шымбай районлық Халық билимлендириўбөлими баслығы:** **Э.Мамбеткаримова**

Таярлаган: А.Рахметуллаев
Тел: +998907369091

Shimbay rayonlıq
XBBnıń baslıǵı
E. Mambetkarimovaǵa
42-sanlı mekteptiń
shet-tili páni
muǵallimi
G. Rzaǵalievadan

Túsinik xat

Beremen usı túsinik xattı Sebebi 10-klass oqıwshısı Nietbaeva Sarbinaz sabaqqa keshigip keldi. Keshigip kelgenligin eskertip otırǵızdım. Sabaq waqtında klaslası menen kelise almay sóz alısıp qaldı. Oqıwshılardı tınıshlandırıw maqsetinde sabaq ótiwime kesent etpewin eskerttim hám bul boyınsha ata-anası xalıq qabıl xanasına arza berdi. Ata-anasınıń arzası boyınsha rayonlıq xalıq bilimlendiriw bóliminde sáwbetlesiw ótkerildi. Bunday qate kemshiliklerdi aldaǵı waqıtlarda boldırmawǵa wáde beremen. dep túsinik xat beriwshi G. Rzaǵalieva

[signature]

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ШЫМБАЙ РАЙОНЛЫҚ ХАЛЫҚ
БИЛИМЛЕНДИРИЎ БӨЛИМИ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ
ЧИМБОЙ ТУМАН ХАЛҚ
ТАЪЛИМИ БЎЛИМИ

Шымбай р. Мамутов к. №10 жай, тел` (8361) 444-00-63, 444-01-42, факс` (8-361) 444-22-95
e-pochta: chimboy_txtb@xtv.uz, exat: chimboy_txtb@exat.uz

2021-жыл 10 -декабръ 01/05-2002 санлы

**Қарақалпақстан Республикаси**
**Халық билимлендириў министрлигине**

Шымбай районы, "Көкши қала" АПЖ А.Турымбетов көшеси 170 үйде жасаўшы пуқара Мамбетниязов Рахат Ниетбаевичтиң (Өзбекстан Республикасы Президентин Исеним телефоны арқалы 23.11.2021ж. 346-саны менен кирис етилген) мүрәжаты бойынша үйрениў жумыслары алып барылып 2021-жыл 2-декабрь күни 02/04-1059-санлы хат арқалы (қосымшада: түсиник хатлары ҳәм почта квитанциясы) Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине жуўап хаты берилген еди.

Бирақ, мүрәжат жуўабы Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен бийкар етилгени ушын Сизден, үйрениў жумысларын нәтийжели алып барыў мақсетинде мүрәжат мүддетине қосымша 15 күн мүддетке узайттырып бериўиңизди соранаман.

**Шымбай районы**
**ХББ баслығы** **Э.Мамбеткаримова**

Таярлаған: Р.Тлеўов
Тел: 91 306-62-59

**CHIMBOY TUMANI XALQ TA'LIMI BU'LIMI**
Chimboy tumani, Mamutov ko'chasi №10 u'y,
tel (8361) 444-00-63, 444-01-42, faks` (8-361) 444-22-95
e-pochta: chimboy_txtb@xtv.uz, exat: chimboy_txtb@exat.uz

**SHIMBAY RAYONI XALIQ BILIMLENDIRIW BO'LIMI**
Shimbay rayoni. Mamutov ko'shesi №10 jay,
tel (8361) 444-00-63, 444-01-42, faks` (8-361) 444-22-95
e-pochta: chimboy_txtb@xtv.uz, exat: chimboy_txtb@exat.uz

2021-y. «15» декабрь № 02/01-2023. «15» dekabr 2021 j.

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине**

**Нусқасы:**

**Мүрәжат ийеси «Көкши қала» МПЖ А.Турымбетов көшеси 170-жайда жасаўшы пуқара Р.Мамбетниязовға**

Шымбай районлық Халық билимлендириў бөлими Сизге, Өзбекстан Республикасы Президентиниң Виртуал Халық қабыллаўханасы арқалы Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине келип түскен (ҚР ХБМ 23.11.2021, 346-саны менен кирис етилген) Шымбай районы А.Турымбетов көшеси 170-жай турғыны Мамбетниязов Рахат Ниетбаевичтиң «Шымбай районы 42-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директоры ҳәм инглиз тили пәни оқытыўшысының ис ҳәрекетлеринен наразылығы ҳаққында»ғы мүрәжатын Өзбекстан Республикасының 2017-жыл 11-сентябрь күнги ЎРҚ-445-санлы «Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары ҳаққында»ғы Нызамы 25-статьясына муўапық ўәкиллигимиз шеңберинде қайта үйренип шығылды. Мүрәжатге себеп болған ўақыя 2021-жыл 22-ноябрь күни болып, усы бойынша бөлимге қараслы 42-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде 2021-жыл 24-ноябрь күни Халық билимлендириў бөлими психолог методисти А.Рахметуллаев, мектеп директоры ҳәм мектептиң жуўапкер хызметкерлери қатнасында мәжилис өткерилген. Мәжилис соңында қәте кемшиликлерге жол қойған инглиз тили пәни муғаллими Г.Рзагалиева, 10-класс басшысы Э.Ибрагимова ҳәм руўхыйлық ислери бойынша директор орынбасары Б.Айтбаевқа ескертиў берилген. 10-класс басшысы Ниетбаева Сарбиназдың үлгериўи, минез қулқы менен жеке ислесиў ҳәм пәң дөгереклерине тартыў мектеп психологи Р.Муратбаеваға тапсырылған.

Соның менен бирге, 2021-жыл 29-ноябрь күни Халық билимлендириў бөлиминде 42-санлы мектептиң 10-класс оқыўшысы Ниетбаева Сарбиназ Халық билимлендириў бөлими баслығы Э.Мамбеткаримова Балаларды социаллық-психологик қоллап-қуўатлаў орайы психолог методисти А.Рахметуллаев, 42-санлы улыўма орта билим бериў мектеп директоры А.Ералиев, 10-класс басшысы Э.Ибрагимова, шет-тили пән муғаллими Г.Рзагалиева, оқыўшының ата-анасы Р.Мамбетниязов, Т.Ешанова

С.Ниетбаевалар қатнасында мүрәжат додаланды. Шет тили пәни муғаллими хәм оқыўшы ортасында болған келиспеўшиликти, қәте кемшилик бойынша түсиндириў жумыслары алып барылып, сол жерде сапластырылды. Оқытыўшы менен оқыўшы жарастырылды. Оқыўшының ата-анасы тәрепинен берилген арзасы қанаатландырылды хәмде ата-анасы разылығын билдирип наразышылығы жоқ екенилигин билдирди.

Хәризги күнде 10-класс оқыўшысы Ниетбаева Сарбиназ 49-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде оқыўын даўам етпекте.

Егер мүрәжат бойынша берилген жуўаптан қанаатланбасаңыз жоқары турыўшы уйымларға мүрәжат етиў хуқықына ийесиз.

**Қосымшада: Мектеп директорының хәм жуўапкер хызметкерлердиң түсиник хатлары хәм фото көринислери қоса тигиледи.**

**Мүрәжат ийесиниң мүрәжат жуўабынан қанаатланғанлығы хаққында түсиник хаты.**

**Халық билимлендириў бөлими баслығы** **Э.Мамбеткаримова**

3-sh.

"O`zbekiston pochtasi" aksiyadorlik jamiyati

628. -son KVITANSIYA
(kvitansiya yoki shtrixli pochta identifikatori raqami)
buyurtma з/п — qabul qilishda
(jo`natma turi) (alohida belgisi)
Qayerga Шомбоев А. Турумбетов ...
Kimga Мамбетниязов Расул
Og`irlik 0.011 g.
Jo`natish uchun to`lov — so`m — tiyin
Qabul qildi ______
(imzo)

**Tayarlaǵan: R.Tlewov**
**Tel: 91 3066259**

***Шымбай районлык ХББ не караслы 42-санлы улыума орта билим бериу мектебинде 2021-жыл 24-ноябрь куни откерилген мажилис***

4 – ***БАЯНЛАМАСЫ.***

**Катнасты:** А.Ералиев-мектеп директоры

Б.Айтбаев-мектеп РАИБДО

С.Оразымбетов-мектеп ОТИБДО

А.Рахметуллаев-РХББ балаларды социаллык-психологик коллап кууатлау орайы психолог методисти.

Э.Ибрагимова-класс басшысы

Г.Рзагалиева-пан мугаллими

Б.Наубетов-ата-аналар комитети баслыгы.

Р.Калыкназарова-мектеп хаял-кызлар комитети баслыгы.

**Кун тартибинде:**

**1. Мектептин 10-класс окыушысы Нийетбаева Сарбиназдын акеси Мамбетниязов Рахат Нийетбаевичтин 22-ноябрь 2021-жылгы Озбекстан Республикасы Президентинин исеним телефонына муражатын уйрениу хаккында.**

**Тынланды:**

Кун тартибиндеги маселе менен мектеп директоры А.Ералиев таныстырып отти. Ол оз созинде мектептеги окыу-тарбия процесси хаккында мугаллимнин кадир-кымбаты хаккында кеннен токтап отти. Окыу тарбия процессин алып барыуда мугаллимнин педагогикалык шеберлилиги, окыушыларды кызыктыра билиуи хаккында кеннен токтап отти.

Сонынан класс басшы Э.Ибрагимова шыгып сойлеп, 22-ноябрь кунги окыушы менен окытыушы арасындагы келимиспеушилик халаты хаккында айта отырып, тарбия саатында додаланып шыгылганлыгын, тереннен уйренип шыкканымда кызлардын ержеткенлик дауириндеги озгерис халаты екенлиги малим болды. Бул бойынша окыушылардын ата-аналары менен де тусиник жумыслары алып барылып, хар тареплеме коллау корсетиуимиз кереклиги тусиндирилди. Сондай-ак мектепте баслангыш хаял-кызлар шолкеминин мажилиси откерилип, оз жанына каст етиудин акыбети, «Биз бахытлы жаслармыз»,- атамаларында семинар-тренинглер откерилсин. Сонынан мектептин руухый-агартыу ислери бойынша директор орынбасары Б.Айтбаев шыгып сойлеп, алдагы уакытлары бундай кеуилсиз уакыяларды болдырмау ушын талим тарбия процессине итибар каратыуымыз кереклигин айтып отти.

Сонынан мектеп ата-аналар комитети баслыгы Б. Наубетов шыгып сойлеп, усы кунге шекем талим-тарбия процессинде хеш кандай шагым болмаганлыгын, окытыушылардын устинен усы кунге шекем шагым болмаганлыгын хар кандай машкаланы ата-аналар комитети менен биргеликте шешим тапканлыгын айтып отти. Мектептин инглис пани мугаллими Г.Рзагалиева шыгып сойлеп, ауыр гап айтпаганлыгын, сабак пайытында сонгы партадагы бала менен келиспеушилик себебинен сабагымды болме, -дегенлигин айтып отти. Солай да болса озинин жас кадр екенлигин келешекте бундай кателиклерге жол коймайтугынлыгын айтып жамааттен кеширим сорады.

Мажилис сонында томендегише шешим кабыл етилди.

**ШЕШИМ:**

1.Мектепте окыу-тарбия жумысларын шолкемлестириудеги койган кате кемшиликлери ушын 10-класс басшысы Э.Ибрагимовага, инглис тили пани мугаллими Г.Рзагалиевага, руухый-агартыу ислери бойынша директор орынбасары Б.Айтбаевка ескертиу берилсин.

2.10-класс окыушысы Нийетбаева Сарбиназдын улгериуи, минез кулкы менен жеке ислесиу хам пан догереклерине тартыу мектеп психологи Р.Муратбаевага тапсырылсын.

3.Усы шешимнин орынланыуын оз кадагалауыма аламан.

**Мектеп директоры:** **А.Ералиев.**

**Хаткер:** **Б.Кудайбергенова**


...YILADIGAN TALABLAR




O'QITUVCHIGA QO'YILADIGAN TALABLAR


DARS MUGADDAS
...NBELERI






Шымбай районлық
ХББи баслығы
Э. Мамбеткаримоваға
42-санлы мектеп директоры
А. Ералиевтен

# Тусиник хат.

Усы тусиник хат арқалы төмендегилерди билдиремен, себеби мектепте оқытыўшы ҳәм оқыўшылар арасында түсинбеўшиликлер болып бул бойынша ҳәр бир пункти бойынша үйренилип шығылды.

Мектеп муғаллимлери арасында дөгерек ата-аналар жыйналыса өткерилди.

Оқыўшы ҳәм оқытыўшы арасындағы келиспеўшиликлер салыстырылған ҳәм бир-бири менен таныстырылды.

Алдағы ўақытларда оқыўшылардың бир-бирин ҳәм оқытыўшылар арасында ҳеш қандай келиспеўшиликлер болмайтуғынына исеним билдиремен.

Тусиник хат бериўши [signature]
25. 11. 2021.ж. А Ералиев.

Шымбай районлық
ХББ баслығы
Э. Мамбеткаримоваға
42-санлы мектептиң
руўхый-ағартыў ислери
бойынша директор орынбасары
Б. Айтбаевтан

# Түсиник хат.

Мен, Айтбаев Байрамбай мектебимизде жас өспиримлер тәрбиясына айрықша итибар қаратылып, олардың сабақларға ҳәм дөгереклерге қатнасыўы ушын имканиятлар жаратылған болып, класс басшыларының үгит-нәсиятлары арқасында қатнасып келмекте. Мектеп оқыўшыларының арасында ҳеш қандай бир-бирейўи менен келиспеўшиликлер болмайды. Бул бойынша класс басшылар менен тез-тезден жыйналысып тапсырмалар берилип бармақта. Алдағы ўақытларда да оқыўшылардың бир бирейўи ҳәм хызметкерлер арасында ҳеш қандай келиспеўшиликлер жүз бермейди деп исеним билдиремен.

Түсиник хат бериўши: [подпись]
25.11.2021 ж Б. Айтбаев.

Shimbay rayoni XBBnıń
baslıǵı E. Mambetkarimovaǵa
42-sanlı mekteptiń
ámelyatshı psixologı
R. Muratbaevadan

Túsinik xat

Beremen usı túsinik xattı 22-noyabr kúni 5-saat shet-tili pánı waqtında muǵallim G. Rzaǵalieva hám oqıwshı Nietbaeva Sarbinaz arasında kelispewshilik boldı. Bul boyınsha ózim tárepten túsindiriw jumısları alıp barıldı. Oqıwshınıń jeke ózi hám ata-anası menen sóhbet jumısları alıp barıldı. Oqıwshılar arasında doslıq munasebetler ornatıldı. Aldaǵı waqıtta bunday jaǵday qaytalanbawına kepillik beremen.

25. 11. 2021 ж.

[signature] R. Muratbaeva

Shumbay rayonlıq
XBB baslığı
E. Mambetkarimovağa
42-sanlı mekteptiń
muğallimi E. Ibragimovadan

Túsinik xat

Men, Ibragimova Elmira, basshılıq etip atırğan 10-klasımda 22-noyabr kúni 5-saat waqtında shet-tili páni muğallimi Y. Rzağalieva ham oqıwshı Nietbaeva Sarbinaz arasında óz-ara kelispewshilikler bolğan. Bul waqıya boyınsha túsinik jumısların alıp bardım.

Oqıwshılar arasında doslıq munasibet ham bir-birine jaqsı qarım-qatnasta bolıw. Qızlar arasında óz-ara kelispewshiliklerge jol qoymaw haqqında túsinik jumısların alıp bardım.

Aldağı waqıtlarda bunday jağdaylardıń qaytalanbawına kepillik beremen.

Ibragimova Elmira [signature]

25. 11. 2021 j